

Vaksen kont Grip ak COVID-19 nan Mass General Brigham

Yon vaksen kont grip pwoteje ou kont grip la epi li ka diminye risk pou konplikasyon grip la tou. Nou rekòmande tou pou w rete ajou sou vaksen COVID-19 ou yo.

Poukisa vaksen kont grip la enpòtan?

Yon vaksen kont grip diminye chans pou w pran grip la. Yon vaksen kont grip la ka pa anpeche w pran grip la nèt. Men, pran vaksen kont grip la diminye risk pou enfeksyon, maladi grav, lanmò, ak entène lopital.

[Sant pou Kontwòl Maladi \(Centers for Disease Control, CDC\)](#) rekòmande ke tout moun ki gen sis mwa oswa plis ta dwe pran vaksen kont grip la. Gen diferan kalite vaksen kont grip. Gen kèk vaksen kont grip ki fèt pou moun ki gen 65 an oswa plis. Si w gen 65 an oswa plis, ou ta dwe pran vaksen sa yo, si yo disponib.

Konbyen vaksen kont grip la koute?

- Pifò konpayi asirans sante yo kouvri vaksen kont grip san yo pa chaje yon kopeman oswa ko-asirans. Men, yo ka mande w pou w resevwa vaksen an nan yon kote espesifik. Asire w ou tcheke kondisyon konpayi asirans ou a.
- Si w pa gen asirans, tanpri rele klinik kote w ap pran vaksen kont grip la pou w pale sou konbyen l ap koute.

Èske mwen bezwen pran vaksen COVID-19 ki ajou a tou?

Nou ankouraje w pran vaksen kont COVID-19 2024-2025 ki ajou. Vaksen ki ajou a pral pwoteje w kont dènye viris yo. W ap ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ki ajou nan [FAQ sou vaksen COVID-19](#) nou an.

Èske mwen ka pran vaksen kont grip la ak vaksen COVID-19 ansanm?

Wi, ou ka pran yon vaksen kont grip nenpòt ki lè menm si ou fèk resevwa yon vaksen COVID. Ou ka menm pran tou de vaksen nan menm jou a.

Èske mwen ka pran grip la nan vaksen kont grip la?

Piki grip la pa ka lakòz grip la. Vaksen kont grip swa genyen yon viris grip ki dezaktive (“touye”) oswa yon pati nan viris la.

Mwen pa konn malad. Poukisa mwen bezwen vaksen kont grip la?

Lè ou pran vaksen kont grip la, ou pa sèlman pwoteje tèt ou. Ou ap pwoteje tout lòt moun lè w anpeche grip la gaye, e sa gen ladan pasyan nou yo ak fanmi w, zanmi w ak kominote w. Tout moun gen risk pou maladi; CDC estime ke grip te lakòz 9.3 milyon – 41 milyon maladi, 100,000 – 710,000 entène lopital ak 4,900 – 51,000 lanmò chak ane ant 2010 ak 2023.

Poukisa mwen oblije pran vaksen kont grip la chak ane?

Pwoteksyon kont vaksen kont grip la fini nan kò ou. Anplis de sa, souch viris grip la ap sikile chanje de ane a ane, kidonk ou bezwen yon piki grip ajou chak otòn.

[W ap ka jwenn plis enfòmasyon sou grip ak sou vaksen kont grip nan sitwèb CDC a >](#)

Ki kote mwen ka pran yon vaksen kont grip oswa COVID-19?

Gen anpil kote pou pran yon vaksen kont grip oswa vaksen COVID-19 ki ajou. Ou ta dwe pran vaksen kont grip la kote li pi bon pou ou.

Tanpri sonje: Gen kèk kote ki ka ofri vaksen kont grip la sèlman pou pasyan ki gen sèten laj oswa ki ka pa genyen vaksen pou pasyan 65 an oswa plis ki disponib.

Famasi lokal

Ale nan yon famasi lokal pou w pran vaksen kont grip oswa COVID-19 ou. . Famasi lokal yo ka pa kapab administre li pou tibebe ak timoun piti yo. Tanpri kontakte biwo pedyat pitit ou a si w gen pwoblèm.

Pou jwenn yon famasi lokal pou vaksen kont grip, RSV, oswa COVID-19, ou ka ale sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) oswa, rele 1-800-232-0233.

Biwo founisè swen prensipal la

Anpil biwo swen prensipal ak espesyalite atravè Mass General Brigham pral ofri vaksen kont grip, COVID-19 oswa, RSV nan vizit biwo ki pwograme regilyèman. Pifò nan klinik nou yo pa ofri randevou pou vaksen sèlman.